

GWOSÈS, FÈTILITE, AK VAKSEN POU COVID-19 LA



**REYALITE
KONSÈNAN
VAKSEN POU
COVID-19 LA**



Si ou ansent, ou ta dwe panse pou pran vaksen pou COVID-19 la.

Dapprè Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a ak Inivèsite Ameriken pou Obstetrisyen ak Jinekòlòg yo (American College of Obstetricians and Gynecologists, ACOG), li san danje pou fanm ki ansent ak fanm k ap bay tete ansanm ak fanm k ap panse pou tonbe ansent yo pran vaksen pou COVID-19 la. Sepandan, pran vaksen an se yon chwa pèsònèl epi li ta dwe yon desizyon ou pran aprè ou fin diskite sou sa avèk founisè swen sante ou an.

REYALITE AKTYÈL SOU VAKSEN POU COVID-19 LA AK FANM KI ANSENT OSWA FANM K AP BAY TETE YO:



Akyèlman, pa gen okenn prèv ke vaksinasyon pou COVID-19 lakoz okenn pwoblèm nan gwosès, ki genyen ladan devlopman plasenta a.



Pandan ke sa limite, done sou sekirite aktyèl yo sou itilizasyon vaksen pou COVID-19 yo nan gwosès pa endike okenn enkyetid sou sekirite.



Atravè sistèm siveyans sekirite v-safe la, CDC a ap obsève fanm ansent ki te resevwa vaksen an. Jiskaprezan, yo te siveye plis pase 77,000 fanm ansent, epi yo pa te deklare okenn pwoblèm.



Alètman se raman yon enkyetid sekirite pou vaksen yo, epi yo pa panse ke twa vaksen ki otorize pou COVID-19 yo se yon risk pou yon tibebe k ap tete. Epitou, daprè ACOG a, lè yon manman k ap bay tete pran vaksen an, yo pwodwi antikò ki kapab pase nan lèt manman an epi ede pwoteje timoun yo a kont viris la.



Fanm ansent yo genyen risk anplis pou maladi grav ak ospitalizasyon akòz COVID-19. Vaksinasyon kapab redwi yon fason siyifikatif oswa menm anpeche risk sa yo.



**POU MIZAJOU
SOU COVID-19:**

Vizite [de.gov/covidvaccine](https://www.de.gov/covidvaccine), rele **1-833-643-1715**, voye yon imèl bay vaccine@delaware.gov, epi swiv Divizyon Sante Piblik Delaware (Delaware Division of Public Health, DPH) a sou rezo sosyal yo.


E SI MWEN PA ANSENT KOUNYE A MEN MWEN VLE SA NAN YON MOMAN ALAVNI?

- **Yo pa te rapòte okenn pèt fètilite** pami patisipan nan esè vaksen yo oswa pami plizyè milyon moun ki te resevwa vaksen yo depi otorizasyon yo a, dapre ACOG.
- ACOG te deklare tou pa genyen okenn prèv ke vaksen an kapab mennen nan pèt fètilite, lè li deklare **“syantifikman sa enpwobab.”**


SI OU TE RESEVWA YON VAKSEN POU COVID-19 PANDAN OU ANSENT, KONSIDERE PATISIPE NAN REJIS GWOSÈS V-SAFE LA.

Si ou te resevwa yon vaksen pou COVID-19 pandan ou ansent, nou ankouraje ou enskri nan v-safe. Se zouti CDC a ki baze sou telefòn entèlijan ak ankèt sou entènèt pou bay kontwòl sante aprè vaksinasyon. Yo te etabli rejis gwosès v-safe la pou rasanble enfòmasyon sou sante fanm ansent yo ki te resevwa yon vaksen kont COVID-19. Si sila yo ki enskri nan v-safe la rapòte yo te ansent nan moman vaksinasyon an oswa apre vaksinasyon an, pèsònèl rejis la gendwa kontakte yo pou aprann plis. Patisipasyon an volontè, epi patisipan yo gendwa kite nenpòt lè. **ENSKRI SOU TELEFÒN ENTÈLIJAN OU NAN vsafe.cdc.gov/en/.**

APRE OU FIN PRAN VAKSEN AN, KONTINYE SWIV REKÒMANDASYON SEKIRITE YO.



Mentni distans sosyal pandan w ap kenbe 6 pye distans oswa plis.



Mete yon pwoteksyon pou vizaj sou ki kouvri bouch ou ak nen ou, epi asire w li byen adapte sou bouch ak nen ou.



Lave oswa dezenfekte men w souvan.

POU MIZAJOU SOU COVID-19:

Vizite de.gov/covidvaccine, rele 1-833-643-1715, voye yon imèl bay vaccine@delaware.gov, epi swiv Divizyon Sante Piblik Delaware (Delaware Division of Public Health, DPH) a sou rezo sosyal yo.